



Pou Piblikasyon Imedya: 19/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SIBVANSYON 900,000 DOLA KE YO AKÒDE BAY PAK ETA YO, SANTYE YO, SIT ISTORIK YO AK ÒGANIZASYON PATNÈ TEREN PIBLIK YO

Li Mobilize Fon Prive ak Piblik pou Sipòte 27 Pwojè nan Tout New York

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a sibvansyon pou \$900,000 dola pou sipòte 27 òganizasyon a bi non likratif ki enplike nan jesyon pak leta yo, santye yo, sit istorik ak teren piblik yo. Sibvansyon yo soutni efò gwoup patnè yo pou kolekte fon prive pou dè pwojè investisman, reyalize travay antretyen ak inisyativ anbelisman, ofri pwogram edikatif, ak pwomouvwa itilizasyon piblik plak yo nan òganize plizyè evènman espesyal.

"Òganizasyon de baz sa yo ajoute yon valè fòmidad nan jerans ak nan pwogramasyon pak eta, sit istorik, santye ak teren piblik nou yo, epi nou fyè pou nou sipòte efò yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Tankou òganizasyon patnè pak devwe sa yo, Eta New York ap pran yon gwo angajman anvè tè piblik yo, ak finansman rekò pou pak ak pwoteksyon anviwònman an. Mwen espere anpil nouvo opòtinite enteresan nan gwo aktivite deyò finansman sa a pral pote pandan n ap antre nan sezon ete a."

Se eta a ki finanse pwogram Sibvansyon pou Patenarya Pak ak Santye yo (Park and Trail Partnership Grants)

Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund). Yo administre sibvansyon yo an patenarya avèk gwoup defansè Pak ak Santye ki san bi likratif New York yo. Setyèm seri prim sa a pral konplete ak plis pase 250,000 dola nan finansman nan fon prive. Fòk benefisyè yo jwenn finansman ekstèn ki vo omwen 10 pousan nan montan yo te resevwa kòm sibvansyon an.

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Gwoup Zanmi Pak Eta yo ak volontè yo se yon gwo fòs dèyè siksè sistèm pak nou an. Sibvansyon sa yo pral ede ogmante enèji ak talan patnè nou yo pou fè plis toujou pou amelyore pak, sit istorik ak santye yo atravè New York."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta a, Basil Seggos, te deklare, "Travay patnè tankou gwoup zanmi yo ak òganizasyon san bi likratif yo enpòtan anpil pou amelyore edikasyon anviwònmanal ak pwogram DEC la epi avanse pwojè

konsèvasyon ak aksè nan tèren Eta a yo. Gras ak Gouvènè Hochul ak 900,000 dola nan sibvansyon yo anonse jodi a, travay enpòtan sa a kapab ale menm pi lwen pou amelyore tèren, dlo, ak enstalasyon Eta yo."

Direktè Egzekitif Pak ak Santye New York la (Parks & Trails New York) Robin Dropkin te deklare, "Ak kantite moun k ap dekouvri lanati pi plis de jou an jou e ak frekantasyon pak nou yo, santye yo ak teren piblik nou yo k ap ogmante, bezwen pou genyen dè patenarya piblik/piblik solid nesèsè plis ke jamè. Sibvansyon pou Patenarya Pak ak Santye yo ede soutni wòl gwoup Friends yo nan patenarya vital sa yo."

Senatè Eta Jose M. Serrano te deklare, "Jerans, konsèvasyon ak konekte plis moun ak lanati nan kè Sistèm Pak Eta nou an, epi Gwoup Zanmi nou yo esansyèl pou ankouraje pratik sa yo. Mwen felisite Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) ak Parks and Trails NY (Pak ak Santye nan NY) pou anons finansman jodi a pou ogmante patisipasyon ak aksè nan Pak Eta nou yo."

Manm Asanble Daniel O'Donnell, te deklare, "Investisman enteresan sa yo nan Pak nou yo reflekte wòl enpòtan espas sa yo jwe nan lavi Nouyòkè yo, epi yo pral asire yo rete pasyonan ak enteresan pou vizitè yo pou ane k ap vini yo. Mwen fyè de angajman Eta nou an pran nan aktivite deyò, epi mwen remèsye tout lidè lokal yo ki ede kenbe, amelyore, ak selebre espas piblik nou yo."

Benefisyè yo enkli:

Reiyon Kapital

- Zanmi Columbia pou Santye Elektrik (Columbia Friends of the Electric Trail) (8,600 dola) enstalasyon uit ban pak sou pati Konte Columbia nan Santye Elektrik Albany-Hudson (Albany-Hudson Electric Trail) lan
- Zanmi Pak Eta Lake Moreau (Friends of Moreau Lake State Park) (48,928 dola) pou enstale yon santye aksesib ak yon nouvo pwen depa santye ki pral genyen yon kyòs ak pano entèpretasyon.
- Upper Hudson Northern Catskill Natural Resource Trust dba Greene Land Trust (8,800 dola) pou devlope plan enjenyeri ak espesifikasyon pou ranplase yon ponso ki pa gen ase dimansyon pou yon afliyan ki antre nan Rivyè Hudson lan.

Central New York

- Zanmi Pak Mexico Point (Friends of Mexico Point Park) (30,592 dola) pou kreye yon santye ki konplètman aksesib soti nan pakin paviyon an, twalèt, ak rivaj lak la, ki gen ladan yon kyòs ak pano edikatif sou chemen an.

Finger Lakes

- Kominote Enklizif pou Rame Rochester (Rochester Inclusive Community Rowing) (11,592 dola) pou enstale yon chemen ki totalman aksesib ak materyèl ki pratik pou anviwònman an ki pral pèmèt aksè soti nan anga bato ak tèren DEC yo rive nan waf aviwon an.
- Pak Jaden Sonnenberg la ak Chato Istorik Eta a (Sonnenberg Gardens Mansion State Historic Park) (12,568 dola) pou dijitalize achiv ak koleksyon li yo.
- Zanmi Pak Eta Letchworth (Friends of Letchworth State Park) (10,750 dola) - Pou restore ak prezève eritaj tab an wòch Kòporasyon Konsèvasyon Sivilyèn (Civilian Conservation Corps) nan zòn Upper Falls la.
- Zanmi Genesee Valley Greenway (60,000 dola) pou bay kowòdinasyon ak asistans teknik pwofesyonèl nan kominote a pou sipòte Inisyativ Santye Vil Genesee Valley (Genesee Valley Trail Town Initiative) la ki konsantre sou maketin ki koyeran nan tout santye, atraksyon ak kwasans biznis, ak defans ak leve fon pou konplete santye enpòtan pou koneksyon ak vil la.

Hudson Valley

- Bannerman Castle Trust (100,000 dola) pou anboche yon Ofisye Devlopman pou evalye, rafine, ak aplike aktivite devlopman òganizasyon an epi pou idantifye, kiltive, mande ak jere donatè prensipal k ap aplike yo.
- Zanmi Mills Mansion (Friends of Mills Mansion) (32,000 dola) pou achte materyèl ki istorikman egzat pou kreye repwodiksyon tenti pou bibliyotèk nan Sit Istorik Eta Staatsburgh.
- Friends of the Old Croton Aqueduct (26,427 dola) pou amelyore eksteryè Sant Vizitè Keeper's House la ak itilite ak atirans antre bilding lan ki konfòm ak ADA a epi tou pou enstale yon ak aparèy mekanik ki soti nan Croton Dam pou ede vizitè yo pi byen konprann fonksyonman kanal la.
- Little Stony Point Citizens Association (16,200 dola) pou anboche yon Kowòdonatè pou Sansibilizasyon Kominotè pou atenn kominote, manm, donatè, ak volontè yo epi kreye yon angajman pi pwofon atravè evènman, bilten, ak apèl.
- Stony Kill Foundation (76,104 dola) pou anboche yon Volontè ak Manadjè pou Sansibilizasyon ki pral amelyore kapasite pou fè sansibilizasyon kominotè ak angaje volontè nan jerans Stony Kill Farm ak santye ki asosye ak li yo.
- Friends of Rockland Lake and Hook Mountain (68,000 dola) pou kreye yon pwogram konseye pilòt pou elèv lekòl segondè yo epi finanse yon efò pou mennen lòt elèv klas 4èm ane nan pak yo pou aprann syans ak

istwa pratik, epitou pou fè yon etid lonjitidinal sou patisipan yo nan pwogram ki sot pase yo pou evalye enpak alontèm.

Long Island

- Friends of Connetquot (41,000 dola) pou fè konsepsyon ak enstale yon ekspozisyon entèpretasyon nan teras obsèvasyon nan bilding eklozri a pou wè pwopagasyon, swen ak alimantasyon twit, epi aprann sou travay ki enplike restorasyon kouran dlo.
- Long Island Greenbelt Trail Conference (25,670 dola) pou ogmante kapasite òganizasyon an nan mete ajou enfrastrikti administratif ak teknoloji pa yo.

Vil New York

- Friends of Gantry Plaza State Park (15,500 dola) pou solisyon plizyè pwoblèm peyizaj nan Gantry Plaza State Park ki te koze pa gwo itilizasyon pak la.

North Country

- Adirondack Mountain Club (14,750 dola) pou reyabilitasyon santye dirab nan Phelps Trail, youn nan apwòch lès pou Mt. Marcy, mòn ki pi wo nan New York.
- Azure Mountain Friends (3,600 dola) pou reparasyon nan palye tou ensandi a ak pou sansibilizasyon nan lekòl piblik lokal yo.
- Lavi John Brown (John Brown Lives) (26,500 dola) pou konstwi kapasite atravè yon pwosesis planifikasyon estratejik inovan ki pral asire efikasite ak dirabilite gwoup zanmi Sit Istorik Eta Fèm John Brown (John Brown's Farm State Historic Site) lan.

Southern Tier

- Friends of Robert H. Treman State Park (36,140 dola) pou ranplase twati Old Mill istorik la.
- Friends of Rogers (80,000 dola) pou kreye yon pozisyon edikatè anviwònmanal ki pral devlope, dirije, ak òganize pwogram edikatif pou elèv, jèn, fanmi, ak gwoup enterè espesyal yo ak yon anfas sou adil ak granmoun aje yo.

Western New York

- Zanmi Pak Eta Allegany (Friends of Allegany State Park) (23,400 dola) pou renove Red House Sawmill istorik la.
- IMPACT: Santye Konte Allegany Friends Improving (Friends Improving Allegany County Trails) (10,000 dola) pou pwodwi yon plan fèydewout soti twa a senk ane pa yon konsiltan sou fason pou grandi ak soutni òganizasyon an.
- Niagara Post Theatre (30,379 dola) nan direksyon renovasyon plafon teyat istorik la.
- Old Fort Niagara Association (75,000 dola) pou prezève de estrikti istorik ki redoute 18tèm syèk.

Bidjè Ane Fiskal 2023 ke yo te adopte a bay yon 2 milyon dola pou pwochen faz sibvansyon Park and Trail Partnership (Patenarya Pak ak Santye), nan kad 400 milyon dola rekò nan Fon Pwoteksyon Anviwònmanal pou sipòte inisyativ pou diminisyon chanjman klimatik ak adaptasyon, amelyore resous agrikòl yo pou ankouraje agrikilti dirab, pwoteje sous dlo nou yo, fè avanse efò prezèvasyon yo epi bay opòtinite lwazi pou Nouyòkè yo. Anplis de sa, bidjè a te ogmante finansman pou Pak Eta yo pa 140 milyon dola, pou yon total de 250 milyon dola. Ogmantasyon sa pral investi nan ranfòse ak amelyore pak Eta New York yo. Gwo finansman sa a pral ede transfòmasyon kontinyèl pak vedèt New York yo epi sipòte pwojè enfrastrikti ki enpòtan nan tout sistèm pak la.

Parks & Trails New York se prensipal defansè pou pak ak santye yo nan New York, k ap travay depi 35 ane pou ranfòse patenarya piblik-prive yo epi amelyore sante, ekonomi ak kalite lavi atravè itilizasyon ak jwisans peyizaj vèt la. Pou plis enfòmasyon, vizite sit entènèt www.ptny.org.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik nan Eta New York lan sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreyatif ak lansman bato yo, ki vizite pa 78 milyon moun chak ane. Pou plis enfòmasyon, sou zòn rekreyatif Pak Eta yo, rele 518-474-0456 oswa vizite parks.ny.gov, konekte sou [Facebook](https://www.facebook.com/parks.ny), oswa swiv sou [Twitter](https://twitter.com/parksny).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418